

Akademi Kreyòl Ayisyen salye memwa Pwofesè Yves Dejean (Iv Dejan)

29 mas 2018 - 29 mas 2022

29 mas 2022, sa fè kat (4) lane depi Doktè Iv Dejan mouri. Akademi Kreyòl Ayisyen ap fè piblik la sonje wòl enpòtan kreyolis la te jwe nan batay pou fè respekte lang kreyòl ayisyen an. L ap difisil pou yon moun tanmen pale sou kreyòl nan peyi Ayiti, san li pa fè referans ak travay Iv Dejan. Se pa san rezon, Sant dokimantasyon Akademi an pote non grandèt la. Pwofesè Iv Dejan te yon Ayisyen natif natal, yon kreyolis wòdpòte ki make egzistans li kòm Pwofesè ki pase anpil tan ap anseye nan peyi Ayiti ak aletranje epi defann dwa pèp la genyen pou tout sèvis li vin jwenn li nan lang li ki se lang kreyòl.



Doktè nan lengwistik, IV Dejan pibliye plis pase dis (10) liv nan lang kreyòl ak sou lang kreyòl. Pami yo, nou jwenn "Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba" ki se yon referans enkontounab, yon trezò pou tout chèchè ak entèlèktyèl ki vle angaje yo nan yon refleksyon serye sou enpòtans lang kreyòl la nan sistèm edikatif ayisyen

an. Nan zèv sa a, otè a pa t ekri pou bèl fraz men pou li satiyèt konsyans nasyonal la. Li mete aksan sou nesesite pou lang kreyòl la ta okipe yon plas enpòtan nan sistèm edikasyon peyi a.

Akademi Kreyòl Ayisyen te gen chans ak privilèj jwenn kolaborasyon Iv Dejan nan plizyè aktivite. Iv Dejan te soutni Komite pou tabli akademi an malgre, jan li renmen repete sa, li pa dakò ak libele Atik 213 Konstitisyon an ki pale de fishe Lang kreyòl la. Pou Pwofesè Dejan, Akademi Kreyòl ap gen pou li fòmalize ekriti lang lan. Li te mande AKA pou li fè amande atik sa a. Se konsa, Iv Dejan patisipe nan plizyè rankont nan komite pou tabli Akademi nan kad redaksyon pwojè Lwa pou kreyasyon Akademi an. Iv Dejan patisipe nan enstalasyon premye akademisyen yo nan ane 2014. Nan ane 2017, AKA te òganize yon Ochan pou li nan okazyon 90èm anbivèsè li.



Pou Iv Dejan, lang Ayiti se kreyòl e lang kreyòl la dwe preznan nan tout sa k ap fèt nan peyi a. Nan



Administrasyon Leta kou prive, tout enstitisyon dwe bay pèp la sèvis li bezwen nan lang li konprann nan. Zèv Iv Dejan yo pale pou li. Otè a rete yon referans pou tout kreyolis, tout lengwis ak tout moun k ap fè rechèch sou lang kreyòl ayisyen an.